



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA YO AN VÈT NAN SWARE 16 NOVANM LAN POU MWA PREVANSYON KONT FIJITIF NASYONAL LA

Li renouvle angajman pou ede jèn ki san kay ak jèn fijitif yo atravè lojman sipò ak abòdab

Gouvènè Kathy Hochul te mande pou limen moniman eta yo an vèt aswè a, 16 novanm lan, pou make patisipasyon New York nan ogmante sansibilizasyon pou Mwa Prevansyon kont Fijitif Nasyonal la. Kanpay Sansibilizasyon piblik la gen pou objektif pou limen pwojektè sou eksperyans jèn ki fijitif yo oswa k ap fè eksperyans sanzabri epi mete aksan sou resous ki disponib pou ede jèn sa yo.

"Chak ane, plizyè milye jèn New York kouri kite kay yo oswa fè eksperyans sanzabri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan kèk ka, jèn yo ap eseye chape anba abi, neglijan oswa konfli lakay yo. Kòm yon manman, mwen konnen jis ki jan li enpòtan pou jèn yo gen yon anviwònman ki estab pou sipòte sante fizik, emosyonèl ak mantal yo. Mwen pran angajman pou m ede yo jwenn kay ak espas pou yo viv ki ka fasilite devlopman pozitif yo."

Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la atravè Divizyon Devlopman ak Patenarya pou Siksè Jèn yo (Division of Youth Development and Partnerships for Success, YDAPS) li sipòte yon gwo seri sèvis pou jèn fijitif ak sanzabri yo (runaway and homeless youth, RHY) ak jèn adilt yo nan kad misyon OCFS pou ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun, fanmi ak kominote New York yo.

Done oto-rapòte ki soti nan pwogram rezidansyèl sètifye yo reflekte ke an 2022, 4,385 jèn fijitif ak jèn ki sanzabri te admi nan pwogram rezidansyèl yo atravè eta a. Pwogram sèvis kriz te ede 2,685 jèn fijitif oswa ki sanzabri, plis 54 depandan; epi 928 jèn sanzabri, plis 61 depandan, te admi nan pwogram tranzisyon nan direksyon lavi endepandan.

Nan mwa out, Gouvènè Hochul te anonse yo te bay 38.6 milyon dola nan finansman eta pou plizyè pwojè ki pral bay lojman sipèvize pou Nouyòkè ki sanzabri yo. Pwojè sa yo, ki gen soutyen Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) eta a, gen ladan devlopman ki pral kreye yon lòt 410 inite

anplis pou sèvi granmoun aje yo, moun ki gen antesedan pwoblèm toksikomani, moun ki gen pwoblèm nan devlopman, jèn adilt ak moun ki soufri maladi mantal grav.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a se yon eleman enpòtan pou [plan global](#) Gouvènè Hochul la pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab nan New York. An 2022, Gouvènè a te entwodui yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta a, ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

Komisè pa Enterim nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi yo. Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "OCFS fyè pou l jwe yon wòl lidèchip nan lonje men bay jèn vilnerab nou yo ki nan kriz. Sèvis jèn ki sove ak san kay nou yo chita sou devlopman pozitif jèn ki konsantre sou sipòte ak devlope relasyon ki an sante, amelyore fòs ak rezistans ki egziste deja lakay jèn yo, epi enkòpore vwa ak lidèchip jèn yo nan pwogramasyon yo. Paske enstabilite lojman ka afekte nenpòt moun, pwogram ak politik yo pi adapte lè yo enkli tout jèn yo, kèlkeswa laj, ras, etnisite, orijin kiltirèl, idantifikasyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, oswa lòt eksperyans."

Byen bonè ane sa a, reprezantan ki soti nan Sant Enfòmasyon sou Moun ki Disparèt (Missing Persons Clearinghouse) nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a, Biwo Pwobasyon ak Altènatif Koreksyonèl ak Prevansyon Trafik Imen (Office of Probation and Correctional Alternatives, and Human Trafficking Prevention) te rejwenn OCFS ak lòt ajans nasyonal, eta ak lokal ak òganizasyon non-gouvènmantal yo pou etabli Gwoup Travay sou Entèvansyon nan ka Fijitif (Runaway Intervention Working Group) eta a. Gwoup ki fèk fòme a gen pou objektif pou diminye epizòd fijitif yo, adrese bezwen jèn ki gen anpil risk ki gen plizyè epizòd fijitif, epi devlope yon pwogram pilòt ak yon apwòch miltidisciplinè pou pi byen ede jèn ki disparèt plizyè fwa yo.

16 Novanm se Jounen pou Abiye an Vèt pou Prevansyon kont Fijitif Nasyonal. Moniman Eta ki pral limen an vèt pou make patisipasyon New York nan Mwa Prevansyon kont Fijitif Nasyonal la genyen ladan yo:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Enfòmasyon sou Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York la:

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an sèvi piblik New York la nan ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun, fanmi ak kominote yo. Ajans lan bay yon sistèm sipò pou fanmi, jistis jivenil, devlopman jèn, gadri ak sèvis byennèt timoun epi li responsab pou pwogram ak sèvis ki enplike fanmi dakèy, adopsyon ak asistans pou adopsyon, sèvis pwoteksyon timoun, sèvis prevansyon pou timoun ak fanmi, ak pwogram pwoteksyon pou adilt vilnerab yo.

Enfòmasyon sou Sant Enfòmasyon sou Moun ki Disparèt Divizyon Sèvis Jistis Penal la

Sant Enfòmasyon an bay ajans fòs lòd yo asistans k ap okipe ka ki enplike timoun, etidyan kolèj ak adilt vilnerab ki disparèt yo. Anplwaye Sant Enfòmasyon yo gen anpil eksperyans nan fòs lòd la, fòmasyon ak teknoloji enfòmasyon, epi yo bay sipò ankèt bay lapolis lokal, eta ak nasyon, èd pou manm fanmi ki rete dèyè yo ak pwogram edikasyon kominotè yo. Sant Enfòmasyon an aksepte tou pwendvi ak konsèy sou [ka moun ki disparèt ke li gen pèmasyon pou pibliye](#) nan missingpersons@dcjs.ny.gov ak 800-346-3543.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)